

Tan yek mas

Mulai dipakai tgl. 19....
Kepala Sekolah

R. Ng. REKSOPRODJO dkk.

BAUD MATJA LAN NULLIS

—oOo—

djilid 2

—oOo—

kanggo klas I
SEKOLAH DASAR

PENERBIT REMADJA KARYA C.V. BANDUNG
Djalan Tjiateul 26-24 — Telepon 3226 — Kotak Pos 284

Buku ini telah disahkan oleh Direktorat Pendidikan Dasar/Prasekolah Dep . P. dan K, dengan suratnja No. 3255/ P-I/VIII untuk dipakai di Sekolah Dasar jang berbahasa daerah Djawa.

Tjap-tjapan kang kaping enem

September 1971

No. Pen. 26

HAK PENGARANG DILINDUNGI UNDANG-UNDANG.

PURWAKA.

Nuwun, buku waosan Djawi aksara Latin wiwitan B A U D
M A T J A L A N N U L I S. djilid I lan II punika sampun ka-
bangun adedasar kritik, nasihat lan pitedah saking Direktorat
Pendidikan Dasar/Prasekolah ing Djakarta.

Boten kesupèn kula pangripta ngaturaken gending panu-
wun ingkang tanpa upami.

Surakarta, September 1967.

Pangripta :


REKSOPRODJO dkk

Tjap-tjapan ingkang kaping kalih.

Ing tjap-tjapan ingkang kaping kalih punika, tumraping
isi boten wonten éwah-éwahanipun, namung ngleresaken
lepating pangetjap.

Surakarta, April 1968.

PANGRIPTA.



buku anjar.

soré èntèh kok

wis turu.

kuwi ora patut.

kudu sinau disik.

bèn gelis pinter.

baud matja lan nulis

djilid sidji wis tamat.

kudu dibolan-balèni, sing


nganti lanjah.

saiki matja buku anjar.

baud matja lan nulis

djilid loro.





kiwa gambar rebab
tengen ténggok bedjad.

rebab

bedjad

rebab

bedjad

rebab

bedjad

rebab

bedjad


re b a b

re b a b.

r e b a b

re b a b

re b a b



b e d j a d

b e d j a d

b e d j a d

b e d j a d

b e d j a d

r e b a b

b e d j a d

s a b a b

d e r a d j a d

a b a b


u d j u d

h a b i b

w u d j u d

s a l i b

m e s d j i d



prau momot klapa,
dikemudèni kjai swari.

prau klapa

prau klapa

kjai swari

kjai swari

kjai swari

prau klapa
pra u kla pa
p r a u k l a p a
pra u kla pa
prau klapa

kjai swari
kja i swa ri
k j a i s w a r i
kja i swa ri
kjai swari

prau klapa
prada klasa
pradja klambi,
prijana glali
krida glugu

kriḍa

glugu

kréta

bludru

kreta

dluwang

kretu

tlutih

krungu

slulup

kjai

swari

dibja

swara

bagja

swasa

gjana

kwasa

gjarta

kwatji

gjarti

kwali



krikil gedé krakal.

krèkèl-krèkèl arep tangi.

kreta adol kretas.


sugjarta tuku kwatji.

g r i j a g l u g u s w a r i
k r e t a k l è r u k w è n i
k r o t o k l o b o t k w a t j i
g e b j a r g e b j u r a b j o r
e m p j a k b l a r a k b l u l u k

n u n g g a n g p r a u l a j a r .
g a ḍ a h g r i j a g e b j o g .
n u n g g a n g k r é t a p r é m a n .
k j a i h a d j i d j a p a r .
m a n g g o n o m a h g e b j o g .
b u l i k a d u s g e b j u r .
b l a b a o r a m e ḍ i t .
g l u g u u w i t k r a m b i l .




djaka tingkir.



bajané mangap - mangap,
njander arep njaplok.
njaplok sapa ?

njaplok djaka tingkir.
djaka tingkir ja mas karèbèt.
djaka tingkir tarung
karo baja,
ana kedung srengéngé.

djaka tingkir.
(tjandaké.)



djaka tingkir digdaja.
bajané kalah kabèh.
djaka tingkir sapandèrèké,
nutugaké lakuné.
nunggang gètèk disangga
lan didjaga baja lan
badjul patang puluh.

b a k d a

repet-repet tengara buka
wis muni: deng, deng.
aku mlaju mak djanjal,
arep buka.

bakdané wis tjedak, aku
seneng banget.
dina bakda utawa dina ri-
jadi.

botjah-botjah pada nganggo
sandangan anjar, grès.
angger wong katon bungah.
pada alal-bihalal.
pada ngabektèn.
pada udjung-udjungan.



adjar mangsak.

dèk wingi dina akad.
sriredjeki lan dartuti
prèi ora mlebu.

pada réwang mangsak-mang-
sak.

mangsak warna-warna.
sambel gorèng, djangan
gudeg, bakmi iwak empal
lan lija-lijané.

sriredjeki nguleg mritja.

dartuti adjar njanteni.

dartuti pidjer njabeti

laler waé.

wah, kerené gedé-gedé.



klèru.



1. wélah, tampah
kijé klèru.
sadjaké kagung-
ané bu tjarik.
tandané weng-
kuné bedjad.

bu, iki rak kagunganmu?

2. hija, iki duwèkku.
gawanen mréné.
lah iki duwèkmu,
isih wutuh.
énja gawanen.

1. hija, matur nuwun bu.

olèh - olèh

wingi ibu tindak pasar.
ngasta olèh-olèh akèh.
kuwih lapis, djadah, dje-
nang, wadjik, tjeng-
gèrèng lan klepon.
aku karem déwé wadjiké.
djadah djenang ja seneng.
adik milih kuwihé gurih.

lagu katé-katé.

*ajo-ajo da réné
sinau bareng lan kowé,
nganggo lagu katé-katé,
bén pada senengatiné.
bén pada senengatiné.*



kembang asmaradana.

botjah botjah dakkandani,
kowé pada mituhua,
ing bapak ibumu karo,
bapak ibu kuwi pada,
welas asih ing sira,
mituhu kuwi anggugu,
kabèh wulang wurukira.

S u m a d i	S a l a m	S a l a
T a r m a n	T i m a n	T a m a

tjangkriman



Sudiman:
bedèken
tjangkrimanku.

Sumadi: ja, nanging
adja angèl-angèl.

Sudiman: ja rasané ja
djenengé, apa kuwi?

Sumadi: heh angèl temen.

Sudiman: wis djimbit kowé?
ambak-ambing gampang waé.
ngomahmu akèh: sepet.

Sumadi: wah, pinter kowé.



Taman Sriwedari

dèk embèn dina minggu.
aku bak redjeki lan dik
wi, paḍa seneng-seneng
menjang Sriwedari.

kéwané warna-warna:
matjan, ketèk, manuk
pepak.

kidang mendjangan,
bantèng, gadjah.

Taman Sriwedari.

(Tjandaké.)

kantjil, baja, penju.

ula sawa ija ana.



bètèt, kakak tuwa, tjangak,

bango lan swari.

wajang wong pinudju

main.


djogèdé tjakil betjik,

sélaté hébat banget.

Kamta Karta Kendal

Jatman Janta Jodja

Gijem Gijana Gersik




Keṭèk

Si Jatun duwé keṭèk.
Keṭèké nganggo keṭu, ga-
wéné tiru-tiru.
Keṭèk pinter mènèk.
Tjlingkrik - tjlingkrik,
saḍéla waé tekan pu-
tjuk mentjit.
Gawéné meṭili tanduran.
Satemené keṭèk kuwi ke-
lebu ama, dadi mungsuhé
bapak tani.

A m i r	È m i	M a r n a
A t u n	É n d a n g	M e r a p i
P a r m a n	P a l u r	P a ò i
U m a r	N a r t a	R a t i
U s m a n	N a n a	R a t i h
D a r m a n	D i r u n	D a j u n
W a r n a	H a r d i	I m a n
W i r a	H a r u n	I r i a n
B i m a n	B a n d u n g	B a d a r
O t o	I s k a n d a r	D i n a t a
L a s m i	L a r m a n	L a w u

A a	B b	D d	E e	G g
H h	I i	J j	K k	L l
M m	N n	O o	P p	R r
S s	T t	U u	W w	

Akuarium



Bapak mndut katja.
Katjané diukur disik, ban-
djur ditugel.

Katja dipasrahaké ma-
rang tukang blèg.

Digawé kotak tanpa tutup.

Akuwarium (Tjandaké)

Ngendikané gawé akuwarium.

Akuwarium ditumpangaké médja tjilik.

Diisèni wedi, karang, watu, kulit kerang.

Diisèni banju, ditanduri tanduran banju.

Nuli dietjuli iwak.

Iwak mas rena-rena.

Lah, Hardi gumun banget.

Adol saté



1. Té, saté!

2. Tjeluken!

Aku arep
tuku.

3. Té saté, tumbas saténé.

Sing dodol saté mara.

1. Tumbas pinten mas.

2. Daging gangsal, gindjel
kalih.

1. Nganggé lonjong boten?

2. Inggih, lonjong kalih.

Ngimpi.



Bagja ngimpi, bisa
mabur kaja

Gaṭutkatja.

Milang - miling

golèk djambu.

Wah Bagja mongkog.

Olèh djambu ora mènèk.

Bagja milihing sing mateng.

Salong dikantongi arep

diwèhaké kantjané.

Grobjag Bagja tiba.

Tiba saka ambèn.

Bagja nglilir, tjlaṭu.

Wah tudjuné mung ngimpi.

Anuarak dadi lajadan.

R i p t a .



Ripta murid Ta-
man kanak-kanak.
Djaréné jèn gedé,
kepéngin dadi ten-
tara.

Élok mèmper ten-
tara tenan.

Di abani ibuné :

tu wa, tu wa, tu wa.

Wah wis kaja djéndral waé.

Ripta hormat marang bapakné.

Merdéka.

Bapakné mangsuli :

Tetap merdéka.

T a m b u r a n .



Ambjah didjak
nonton pasar ma-
lem.

Kantjané kabèh
lima: bapakné, ibu-
né, bakjuné lan


kakangé.

Wah rong bétjak déwé
Ambjah bungahé ora dja-
mak.

Turut dalan loap-laop,
njanji-njanji.

Tamburan.
(Tjandaké)

Mulihé ditukokaké tamburan.
Ambjah lundjak-lundjak
saking senengé.
Tamburé ora kena pisah.
Lungguh disanding turu dikeloni.
Teka dog saka sekolahan,
bandjur njandak tamburé,
ngunèkakè tamburé:
derèng, derèng dèng-dèng.
Wah kaja tukang tambur
tenan.



Lelagon.

Méntog-méntog.
Méntog-méntog takkan-
dani,

Mung rupamu angisin-isini.

Bok ja adja ngétok,

ana djero waé,

énak énak ngorok,

ana kandang waé.

Méntog-méntog, mung la-
kumu,

mégal-mégol gawé guju.

Petikan.



S e t i j a k i =

S e t y a k i

o r a :

S e t j a k i

S u m a d i j a = S u m a d y a

o r a : S u m a d j a

Sumadya tuku wayang : Se-
tyaki, Setyaka, Setyaboma.

Susatya, Sutyarsa lan Su-
dyarsa tuku ès kopjor.

Kjai Setya adus gebjur.

Setyaki adiné Setyaboma.

Setyaboma gar-
wané Kresna.

Prabu Kresna ku-
wi ratu ing Dwa-
rawati.

Setyaka putrané
Kresna.



Baladéwa kakangé Kresna.

Sudyarsa sadjak seneng banget.

Apa sababé?

Sabab sedyané kelakon,
bisa nonton wayang wong.



Kupu-kupu.

Kupu kuwi tak
entjupé.

Mung aburé ngé-
wuhaké.

Ngalor ngidul ngétan bali
ngulon.

Rana-réné mung saparan-paran.


Sapa bisa ngentjupaké?

Méntjok tjégrok, bandjur
mabur kleper.

Petikan.

Ss	Kk	Tt	Jj	Gg	Pp	Dd
Bb	Aa	Ee	Mm	Nn	Rr	Hh
li	LI	Oo	Uu	Ww	Yy	

Njulap.



Ing pla-
taran se-
kolahan
rubung-
rubung.

Murid-murid kupeng ngu-
bengi sulapan.

Pak Kliwon njulap, katon
baudé.

Élok, élok tenan.

Wedī bisa dadi banju.

Endog manjar dadi kuṭuk.

Kaju bisa dadi welud.

Wah pantjèn anggumunaké.

Tjangkriman.




Sri Redjeki: Ti aku duwé
tjangkriman, beṭèken.

Dartuti: Heeh, ning adja
angèl - angèl.

S: Jèn mlaku sikilé loro,
jèn mandeg sikilé pat-
belas. Apa?

D: Huwah - huwah aku djim-
bit.

S: Gampang kok Ti. Wong
adol bakmi.



T: Lo, sikilé rak mung loro.

S: Ora waé. Kaé tamatna!

Pinudju mlaku, sikilé loro.

Jèn mandeg, sikilé wongé

loro.


Angkring sikilé $4+4=8$.

Dingkliké sikilé 4.

Dadi kabèh ana $2+8+4=14$.

Omong kosong.

Ju Sri: Seminggu
ana pitung
dina. Sebut
na djenengé.



Brata: Senèn, Slasa, Re-
bo, Kemis, Djumu-
wah, Setu lan Akad.

J: Dina pasaran lima. Kan-
dakna!

B: Kliwon, Legi, Paing, Pon,
Wagé.

J: Dina Slasa Kliwon uga
diarani Anggara kasih.

Setaun rolasasi. Aran-
ana!

Sasi Djawa jaiku:

Sura	Redjeb
Sapar	Ruwah
Mulud	Pasa
Bakda Mulud	Sawal
Djumadilawal	Dulkangidah
Djumadilakir	Besar

Sasi umum:

Djanuwari	Djuli
Pébruwari	Agustus
Maret	Sèptèmber
April	Oktober
Mèi	Nopémber
Djuni	Désèmber

J: Sewindu kuwi ana wo-

Hari Kartini.



Saiki Hari Kartini.

Wah ting sripit, murid-

murid wadon klas sidji

tekan klas nem, pada

njang dang tjara Djawa.

Pada tapihan.

Ibu Guru ja ngono.

Kabèh mèngeti swargi Ibu

Kartini.

Ibu Kartini wis séda.

Isih dihormati, diadji - adji.

Dék isih sugeng, tansah anggalih

adjuning wanita Indonésia.

Pramuka tjilik.



Wah bregasé.
Wis kaja djén-
dral waé.

Kuwi pramu-

ka tjilik arep latihan ana
lapangan.

Aku sésuk mlebu pramuka.

Dibja, Bagja, Satya, Madya
pađa mèlu mlebu.

Mèh kabèh kantja-kantja-
ku pađa dadi pramuka.

Tjangkriman.

Sri Redjeki ngundang

Dartuti.



1. Dar, ajo betékan manèh.

1. Hara ðalang sikilé pira ?


2. Anèh - anèh waé, ðalang sikilé ija loro.

1. Durung - durung adja ngé-tjé.

2. Ora ngétja ora ngétjé. Tjangkrimanmu kegampangen.

1. Ora, njatané kowé ora bisa.

2. Tanggaku déwé, omahé adu arep, sikilé ja mung loro.



Tjangkriman (Tjandaké)

1. Rungokna dakblakani.

Ḍallang sikilé sepuluh.

2. Lo kok anèh.


1. Durung - durung adja maido.

Ḍallang kuwi tjekakané
kaḌal karo walang.

KaḌal sikilé papat, walang
sikilé nem, gunggung 10.

Ja ora?

Dina Senèn.



Botjah - botjah
wis paða teka.

Guru - guru uga
wis rawuh.

Klinṭing, klinṭing,

klinṭing. Botjah - botjah ba-
ris ngadepaké tjagak gendéra.

Bagja karo Satya madju,
ngèrèk Sang Mérah Putih.

Kabèh ngurmati karo menjanji
Indonésia Raja.

Bapak W. R. Supratman.



Botjah-botjah anggoné
menjanji katon meṭen-
ṭeng hurmat.

Pantjèn ija kudu
mengkono. Lagu

Indonésia Raja kuwi lagu
sutji, laguné bangsa Indo-
nésia. Ora béda karo Sang
Mérah putih.

Loro-loroné kudu tansah
dakpepundi, dakhurmati.

Ngendikané Pak Guru, sing
ngarang lagu sutji mau
Swargi Bapak W. R. Supratman.



S: „Garèng, Pétruk rénéa!
dak kandani.”

Wong loro pađa mara.
Semar tjelađu manèh.

S: „Ajo pađa njambut gawé.
Adja pađa nganggur
ngeṭekur.”

Pétruk mangsuli: Ja.



Iki Pandawa lan ibuné.
Pembarepé Puntadéwa.
Pengguluné Brataséna.
Panengahé Permadi, ja
Hardjuna, ija Djanaka.
Kakang ragil lan ragil kembar.
Djenengé Pintèn Tangsèn.



Hari Pahlawan.

Ing Balé Rakjat wajangan.
Ngurmati hari Pahlawan.
Aku nonton bengèn-bengèn,
Turu disik dadi ora karipan,
Bareng nglilir, diteraké kakang.
Tekaku dong metu buta.
Buta Pragalba lan Tjakil,




Hari Pahlawan (Tjandaké)

Buta Tjakil diiring Togog
Saraita.


Hardjuna diiring wulu
tjumbu.

Hardjuna Perang mungsuh
Tjakil.



Hari Kemerdekaan 17 Agustus.

Ing ngendi-ngendi pada
gawé kruun lan gapura.
Dirangga-rengga djanur
kuning lan gegodongan.
Gendéra Sang Hérah Putih,
gedé tjilik pating klèbèt.
Kanggo mèngeti Hari Ke-
merdekaan 17 Agustus.



Nonton pawai.

Isih soré èntèh wis mangkat.
Bèn bisa milih enggon.
Wong nonton ujel-ujelan.
Nung djir, nung djir.
Wong nonton pada alok :
„Wah réjogé! Bregasé!”

Lagu anjar.

(Saka siaran R.R.J. Surakarta).

Abang putih gendéraku,
dak pasang ing ngarep omah,
adja diganggu gawé,
adja diowah-owah,
wani ngrusak dak dupak,
wani nggrajang dak ganjang.


Sapi nggèrèd grobag gedi,
méndah aboté,

méndah keselé,
lèrèn, lèrèn, lèrèn disik,
enja dak pakani dami.

Lagu anjar siaran
R.R.J. Sala.


Lintang lintang lintang,
ting krelip ting galebjar,
angrenggani ngantariksa.
adoh saka kéné,
duwur papané,
sapa ta sing nata,
ndjèdjèr-ndjèdjèr ana kana?
Lan mbulan mbulan gedé,
padang soroté,
dolanan akèh kantjané,
ramé-ramé,
kana surak, kéné surak,
gawé regenging padésan.

Montor mabur.



Wah ana montor mabur.
Mabur ing awang-awang.
Langit biru resik, ora mendung.
Montor é katon tjeta.
Nganggo tanda mérah putih.
Kuwi montor mabur A.U.R.I.
Kangmasku dadi lètnan A.U.R.I.
Aku kepéngin dadi pilot.

Pasar malem pramuka.



Ing Sala ana pasar malem.
Manggon ing alun-alun.
Kuwi pasar malem pramuka.
Gapurané élok.

Lampuné listrik mrutu sèwu,
abang putih pating glebjar.
Sing djaga kabèh botjah
pramuka, tjantjas-tjantjas,
bregas-bregas, kijeng-kijeng.
Pagelaran A.B.R.I. ja ana.
Tèng ana, mrijem ana.